

## ЦАРДИ БУДУРИ СИНДЗÆ КА ТАУЙ, УОМÆН Е ÆХЕ ТОНУЙНАГ ИСУЙ!..

***Устур Фидибæстон тугъди архайæг, финсæг æма драматург Хъайттати Сергей (1920-2010) уотæ финста: «Дессаг куд нæй тугъд дæр, куд нæ!.. Дууæ адæймаги рабайлæгъ унцæ фæйнæ бæстеми, кæрæдзей зонгæ дæр нæ фæккæнунцæ, уотемæй еууæхæни раст унцæ кардæлвæстæй сæ еу инней рамарунмæ... Муггагмæ цума уотæ уодзæнæй?..»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

0+

№28 (767) 2020 анзи 22 сентябрь – рухæни мæйæ

Аргъ 1 туман




Рустам Яхихановi конд хузæ

# НÆ АДÆМИ УОДВАРНИ ДОНВÆД МАКÆД БАЙСУСÆД!..

Зундгонд философ æма финсæг **Николай Трубецкой** (1890-1938) æ наукон куститæй еуеми уотæ финста:

«…Хуæдхуз национ культурæ агъаз æй, хецæн адæймæгутæ цæмæй сæхе балæдæронцæ, базононцæ, уомæн. Е син фæййагъаз уй сæ еумæйаг национ характери индивидуалон бæргутæ, психикæ æма æрдзон менеугутæ равзарунæн. Уомæн æма æцæг национ культури ес уæхæн æууæлтæ, хецæн адæймæгутæ сæхе медæгæ дæр ке иссерунцæ. Уой фæрци син фæууй сæ хъаппæ æнцондæрæй рартасун æма син раст аргъ искæнун (культури агъазæй). Хуæдхуз национ культурæ хецæн адæймæгутæн фадуат фæддæттуй сæ «æз» багъæуай кæнунæн, уæдта сæ адæми хæццæ еу гъуддаг аразунæн... Æма «æхе ка базудта», æхе «æз» ка иссирдта, уæхæнттæ цæйбæрцæ фулдæр уа, уойбæрцæ æнтæстгиндæрæй цæудзæнæй куст хуæдхуз национ цæсгон иссерунбæл, уæдта æцæг национ культурæ аразунбæл...»

Советон доги нæ Цæдеси цæрæг алли адæмихатти национ культури райрæзти сæрбæлтау цæйбæрцæбæл берæ арæзт цудæй, е нæ дзиллæн зундгонд æй. Фæссоветон рæстæгути хæлхъойдзийнæдти еци æнæмæнгæ гъæугæ гъуддаг фæснадмæ гæлст куд æрцудæй, е дæр зундгонд æй. Еци æнæраст миуи фудæй агъазиау зæран æрцудæй айдагъ айдагъ нæ фидибæстон культурæбæл нæ, фал нæ еумæйаг уодварнон хелæдæрундзийнадæ дæр хъæбæр фæннезгун æй. Æцæг цардаразæг культури хæзнадзийнæдти бæсти нæ цардиуагæмæ тасдзийнадæ хæссæг донивулди хузæн цъæхъал кæнун байдæдтонцæ зундусхъуммитæгæнæг «культурон хæзнатæ»...Хуарз æма еци гъæладзийнадæй не ’хсæнадæ æрæскъиттæй æма уавæр растгонд цæуй.

Еци гъуддаги Цæгат Иристони дæр берæ гъæугæ мадзæлттæ арæзт цæуй. Уой фæдбæл æрмæгутæ кæсетæ 2-аг фарсбæл.

## ÆХЦÆУÆН ХАБАР



### ГУРДЖИБЕТИ БЛАШКАЙ ХÆДЗАРÆ ИСУОДЗÆНÆЙ МУЗЕЙ

Хъæбæр рагæй цудæй дзубанди, цæмæй Мæздæги райони Мусгъæуи (нур хуннуй Ново-Осетинская) номдзуд дигорон поэт æма æфсæддон архайæг **Гурджибети Блашкай** (1868-1905) фидтæлтиккон хæдзари ин арæзт æрцæуа музей. Фал берæ цидæр къулумпити фудæй, еци æнæмæнгæ гъæугæ гъуддаг фæстæтæрæгонд цудæй. Æма мæнæ нур гъуддаг, æнгъæлдæн фæррæстмæ ’й – еци хæдзарæ ке къохи адтæй, уонæй æй балхæдтонцæ æма иссæй Блашкай райгурæн гъæуи барæ.

Аци хæдзарæ æй историон, XIX æности арæзтæдтæй ма нури уæнгæ ци ефстæгтæ байзадæй, уонæй еу.

Хæдзарæмæ бундоронæй базелдзæнæнцæ, æрцæуудзæнæй цалцæггонд, æ алфамбулайтæ ин райараздзæнæнцæ, цæмæй исуа гъæуи цæргути æма сæ иуазгути зонадон-фæлладуадзæн историон рауæн.

Æнæмæнгæ зæгъун гъæуй, æма хъæбæр берæ рæстæгути равгæ нæ адтæй хæдзарæ æ нури хецæуттæй балхæнунæн. Нур еци гъуддаг арæзт æрцудæй нæ республики Сæргълæууæг Битарти Вячеслави фæййагъази фæрци.

Нæ зæрдæ дарæн, æнæ уæлдай дзебæлæй гъуддæгутæ арæзт ке æрцæуудзæнæнцæ æма ке байгон уодзæнæнцæ Гурджибети Блашкай хæдзарæ-музейи дуæрттæ, уобæл.


ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

2021 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН.
Æ РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 441 СОМИ 66 КЪАПЕККИ.
(ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 383 СОМИ 34 КЪАПЕККИ)

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.

*Уруссаг номдзуд финсæг Лев Толстой (1828-1910) уотæ финста: «Берæ зонун хуарз æй, зæгъæ, ка гъуди кæнуй, етæ рæдуйгæ кæнунцæ. Зонундзийнæдтæн сæ берæ нæ, фал сæ хуæрзгъæдæдзийнадæ 'й ахсгиаг... Нæ зонунæй ма тæрсæ, тæрсæ мæнгæ зонундзийнæдтæй. Дуйней хæрæнттæ еугурæйдæр уордигæй цæунцæ...»*

# НÆ АДÆМИ УОДВАРНИ ДОНВÆД МАКÆД БАЙСУСÆД!..


Ольгæ ЛЮБИМОВА æма БИТАРТИ Вячеслав сæ фембæлди рæстæг.

## ЦАРД РАЙДЗАСТДÆР ЦИ КÆНУЙ, АРХАЙУН ДÆР УОБÆЛ ГЪÆУЙ!..

Алли адæмихатт дæр цæмæй цæрæццаг æнцæ, уонæн сæ сæйрагдæр æй æ культурон уæлдзийнадæ – уодварни гъæздугдзийнæдтæй цæйбæрцæбæл æнхæстдæр уа, уойбæрцæбæл æнтæстгиндæр уодзæнæй æ цардарæзти еугур гъуддæгути. Еци бæлвурддæрæй-бæлвурддæр æцæгдзийнадæ нæмæ фæссоветон рæстæгути, гъулæггагæн, уоййасæбæл нимади нæбал адтæй. Æма уой фудæй не 'хсæнади «уодигъæди» хиццаг менеугутæй берæ кæцидæртæ куд исфудуиндæ 'нцæ, уой ба нæхе цæститæй фæууидтан, нæхебæл æй бавзурстан. Хуарз æма уæддæр æрæскъидтан æма уæддæр æрæгиау парахатдæрæй арæзт æрцудæнцæ æма нерæнгæ дæр арæзт цæунцæ мадзæлттæ, ци æгудзæгдзийнади бахаудтан, уомæй фæййервæзуни, нæ адæми уодварни урух æма рæсог донвæд ци фудуиндæ уавæрмæ æруагътан, уой исраст кæнун æма 'й гъæугæ хузи райаразуни фæдбæл.

Зингæ æййивддзийнæдтæ æрцудæй фæстаг цалдæр анзей дæргъи нæ республики культури къабази дæр, еци куст ма идарддæр дæр арæзт цæуй æма ма цæудзæнæй.

Уомæн æвдесæн – нæ республики Сæргълæууæг **Битарти Вячеславæн** Уæрæсей Федераций культури министр **Ольгæ Любимовай** хæццæ æрæги сæ косæгон фембæлди рæстæг се 'хсæн ци гъуддагон дзубанди рауадæй, е. Фембæлди рæстæг фæббæрæг кодтонцæ, Дзæуæгигъæуи культурон кластерти бунати ирæзт, гъæути культури артдзæститæ исцалцæг кæнунæн æма исаразунæн уæлæнхасæн субсидитæ райсуни гъуддаг.

Битарти Вячеслав куд бафеппайдта, уотемæй нуртæккæ республики устур æргом здахунцæ искурдиадæгин сувæллæнттæмæ, еугур фадуæттæ син аразунцæ сæ идарддæри ирæзтæн. Еци-еу рæстæг бунæттон Хецауади размæ лæуй культури артдзæстити материалон-техникон ефтонггади фарста. Региони разамонгути дзубандимæ гæсгæ, гъæуама бавналонцæ культури ахурадон нæуæг косæндæнтти райарæзтмæ, искурдиадæгин сувæллæнттæ æма фæсевæдæн интернаттæ аразунмæ.

Ольгæ Любомова куд фæббæрæг кодта, уотемæй регионалон Хецауади хæццæ æмгустадæ зингæ фæххуæздæр кодта Цæгат Иристони культури инфраструктурæ, æ историон бунтæ ин багъæуай кæнуни нисантæ. Е зæрдæ байвардта хъæппæрестæ равзарунæй, ци документтæ имæ балæвардтонцæ, уонæмæ æркæсунæй. Дзубанди ма сæмæ рауадæй Аланибæл Исаргъуди 1100 анзи исбæрæг кæнунбæл дæр. Битарти Вячеслав куд радзурдта, уотемæй Алагири райони архайунцæ, Сугъдæг Мади-Майрæни аргъауæн багъæуай кæнунбæл. Культури министрадæ ба гъæуама равзара, «Культурæ æма туризми ирæзти» паддзахадон программи финансон-экономикон пъланмæ 'й бахæссæн ес æви нæ, уой.

***

Уæрæсей культури министр Ольгæ Любимовай хæццæ фембæлди рæстæг Битарти Вячеслав, ку зæгъæн, сæрмагондæй баханхæ кодта, нæ республики цæрæн рауæнтæй кæмидæрти арæзт æрцудæй æма цæудзæнæй культури артдзæстити нæуæг азгъунститæ; кæмидæрти ба уæхæн артдзæститæ ес, фал базелуйнаг адтæнцæ, æма нерæнгæ дæр ма беретæмæ базелдзæнæнцæ, иннетæ дæр хæстæгдæр рæстæг цалцæггонд æрцæудзæнæнцæ.

Уомæн æвдесæн, мæнæ нæ иннæ уаци ци æхцæуæн цауи кой кæнæн, е дæр.


ТУСКЪАТИ Таймораз


Толдзгуни культури Хæдзари нæуæг цалцæггондæй


ХИДИРТИ Батраз

## ЗÆРДТАГОН ЛÆВАР ТОЛДЗГУНИ ГЪÆУБÆСТÆН

Зæгъæн, национ проект «Культурæ»-мæ гæсгæ бундоронæй цалцæггонд æрцудæй Толдзгуни культури Хæдзарæ æма ин цитгин уавæри æ дуæрттæ байгон кодтонцæ гъæуи цæргутæн. Етæ хъæбæр зæрдиагæй бацийнæ кодтонцæ аци æхцæуæн хабарбæл – амæйфæстæмæ син равгæ уодзæнæй сæ фæлладуадзæн рæстæг зæрдæмæдзæугæ уавæри æрветунæн – сæ культури артдзæсти ес парахат концертон зал, исфæлдистадон уæттæ, ами æрбунат кодта гъæууон киунугæдонæ дæр.

Культури Хæдзарæ байгон кæнуни фæдбæл цитгин мадзали архайдтонцæ Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Хецауади Сæрдар **Тускъати Таймораз**, культури министр **Къубалти Эльбрус**, Ирæфи райони муниципалон зилди сæргълæууæг **Хидирти Батраз**, райони бунæттон хеунаффæйади администраций сæргълæууæг **Лагкути Омар** æма æндæр ведомствити бæрнон косгутæ.



Сæ гъæуи культурон артдзæсти нæуæг цалцæггондæй байгон уни цийнаг цауи фæдбæл Тускъати Таймораз зæрдиагæй райарфæ кодта толдзгуйнæгтæн. Æ радзубандий сæрмагондæй баханхæ кодта, нæ республики цæрæн рауæнти цæйбæрцæбæл агъазиау зæрдæхцæуæн æййивддзийнæдтæ цæуй, уой:

- Хецаудзийнади еугур къæпхæнти размæ дæр лæууй еумæйаг ахсгиаг ихæс – нæ адæми цардиуаги уавæртæ хуæздæрæй-хуæздæр кæнунæн еугур фадуæттæ æма гæнæнтæй дæр æнхæстæй пайда кæнун. Национ проекттæ æма паддзахадон программити архайуни фæрци нæ республики арæзт æма капиталон æгъдауæй цалцæггонд цæунцæ берæ аллихузон социалон объекттæ - ахуради, æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади, культури, спорти азгъунститæ. Еци æнæмæнгæ аразуйнаг гъуддагмæ агъазиау æвæрæн хæссуй Ирæфи райони разамунд дæр. Е уомæй дæр бæрæг æй, æма райони фæстаг цалдæр анзей дæргъи æрцудæй зингæ æййивддзийнæдтæ, берæ цæмæйдæрти æ хузæ раййивта хуæздæрæрдæмæ æма, æруагæс ни кæнуй, аци куст изолдæр дæр ке цæудзæнæй, район никки хиццагдæр æййивдзийнæдтæй ке исфедаудзæнæй, е. ■





**Фондз æма инсæй анзей размæ (1995 анзи 21 сентябри) Дзæуæгигъæуи Хетæгкати Къостай номбæл университети бундорон æсгарæнти Институти фæлгæти байгон æй Цæгат Иристони рагондзийнæдти Паддзахадон национ музей.**



ФÆРНИАТИ Ростикки конд хузæ

# ФÆЛИВД ДЗУБАНДИТÆБÆЛ ÆУУÆНКÆ НÆЙЙЕС...

***Французаг номдзуд финсæг æма философ Мишель Монтень æ игъустгонд уадзимис «Фæлварæнти» уотæ финста:***

... Сайун æй адæймаги ном ходуйнаггæнæг сахъатдзийнадæ. Айдагъдæр дзурди фæрци иссан адæймæгутæ, кæрæдзей лæдæрунæн нин дзурд дæттуй фадуат. Æма ци сахъатдзийнади кой кæнун, е куд æгадæ æй, куд илгъаг æй, уой ку лæдæрианæ, уæд иннæ сахъатдзийнæдти разæй æ хæццæ тохи бацæуианæ. Сабийти ахид бафхуæрæн алли листæг гъуддæгути туххæй, фулдæр хæттити бустæги дзæгъæли, уомæн æма сæ койии аккаг дæр нæ фæуунцæ, цæй туххæй сæ бафхуæрæн, етæ. Айдагъдæр сайун, уæдта хеваст ун (е нæ аййеппити æхсæн дуккаг бунат ахæссуй) æнцæ, сабийти сахъатдзийнæдтæй еугуремæй карздæрæй æмæ æнæ 'рлæугæй тох кæнун ке хæццæ гъæуй, уæхæнттæ. Уомæн æма аци аййеппитæ адæймагæн æ хæццæ ирæзунцæ. Æма куддæр æвзаг сайуни надбæл рацæуй, - дессаг ба куд нæй! – уотæ 'й рæстдзийнади 'рдæмæ лæгдухæй дæр нæбал раздахдзæнæ! Уой туххæй æмбæлæн ахид æнæуой гъуддæгути раст æма æгъдаугин ка æй, фал мæнгæттæ дзоруни незæй ка сæйуй, уæхæнттæбæл. Еу хуйæг зонгæ мин ес, æма лæгау-лæг æй, фал си хæснагæн еунæг раст дзубанди дæр нæ фегъосдзæнæ, кæд ин пайдай хуасæ фæууидæ рæститæ дзорун, уæддæр.

Налатæн, рæстдзийнади хузæн, еу цæсгон ку уайдæ, уæд ма дæ ци гъæуй, ци! Налат лæги дзубандитæ бустæги иннердæмæ лæдæрианæ, бæргæ. Фал æ дессаг уой медæгæ 'й, æма æ цæсгæнттæ сæдитæй нæ, фал сæдæгай минтæй нимайгæ 'нцæ, растдæр зæгъгæй ба: кæрон син нæййес.

Пифагори ахурадæбæл хуæст адæм уотæ нимайунцæ: хуарздзийнадæн æ арæнтæ бæрæг æнцæ, фал фуд арæнтæ нæ зонуй, уæдта æбæрæг æй. Нисанæй мингай нæдтæ цæунцæ, нисанмæ ба айдагъдæр еунæг над ес. Æма, зæгъæн, устур бæлах мæбæл æрцæуйнаг æй, æма си хе багъæуайгæнæн ес, ме 'фсарми сæрти рахезгæй, сайæн дзубанди ку ракæнон, уæд. Æгириддæр ми не 'руагæс кæнуй, уæхæн уавæри дæр рæстдзийнадæй еуварс рахездзæнæн, е.

Аргъауæни хецæуттæй еу уотæ загъта, куййи хæццæ ун, дан, нин æнцондæр æй, е 'взаги рахастдзийнадæ кæмæн нæ зонæн, уæхæн лæги фарсмæ унæй: Ut externus alieno non sit nominus vice. (Æцæгæлон бæстæмæ ку бахауай, уæд уоми адæмæн ду адæймагбæл нимад нæ дæ. Уæхæн æй афоризми гъуди. Загъта æ Хестæр Плиний). Фал, æвæдзи, мæнгард æвзаги хецауи хæццæ дзорунæй æгириддæр нæ дзорун цæйбæрцæбæл хуæздæр æй!

***

САЙУНИ ТУХХÆЙ Мишель Монтени аци гъудитæ хумæтæги не 'римистан. Нæ абони цардиуаги сайунтæ æма аллихузон фæливд миутæ æгæр дæр ма исберæ 'нцæ. Сæ рæсугъд дзубандитæ æма аллихузон зæрдивæрдтитæй нæ сайунцæ депутаттæ, политиктæ, хецаудзийнади бæрнон бунæттæ æрахæссæг лæгтæ... Сауæнгæ ма сомитæ кæнунæй дæр нæ фефсæрми унцæ, зæрдæвæрдтитæ ке нæ исæнхæст кæндзæнæнцæ, уой сæхуæдтæ зондзæнæнцæ, уотемæй дæр.

Айразмæ публицист Виталий Кириченко газет «Литературон Уæрæсе»-й уотæ финста: «Политиктæмæ амонгæй, мæ мадихуæрæ уотæ загъта: «Адæми ци расайæ-басайæ кæнунцæ? Уæддæр син сæ дзубандитæбæл ку неке бауæддзæнæй! Рузвельт кризисæй Америки æртæ анземæ ку раласта. Цардæй тъæпп ка хауй, еци гъæздугутæбæл прогрессивон хъалонтæ æрæвæрæ (Рузвельт дæр уотæ бакодта), æма, нæ бюджет мæгур æй, зæгъгæ, уотæ дзорун некебал багъæудзæнæй». Хуцауистæн, мæ мадихуæрæ раст æй! Ку нæ бафæндæуа, уæд алцæмæн дæр исаразæн ес...»

Нæ царди уавæртæ фæххуæздæр кæнунæй нин зæрдитæ уотæ разæнгардæй ка февæруй, уонæй кедæрти, ка 'й зонуй, фæндгæ дæр фæккæнуй ести хуарздзийнæдтæ исаразун, фал кенæ арæхсгæ нæ фæккæнунцæ, кенæ ба се 'мдзæуинтæй айдагъдæр æхе хуарзбæл ка архайуй, етæ сæ фæкъкъех кæнунцæ, гъома, æндæр кустаг уин нæййес...

Уотæ ку нæ уидæ, æма адæмæн сæ цардиуаги гъуддæгутæ гъæугæ хузи аразунæй комкоммæ ихæсгин ка 'й, фал æй ка не 'нхæст кæнуй, бæлвурд кусти бæсти фæлливд дзубандитæй бонасадæн ка кæнуй, уонæй карз дзуапп агурд ку цæуидæ, уæд, баруагæс уи уæд, нæ размæцуди хабæрттæ зингæ зæрдæмæдзæугæдæр уиуонцæ. Уомæн ба æвдесæн – уæхуæдтæ... ■

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ...



Еу хатт еу лæг æ зонгæн, оркестри разамонæгæн, уотæ ку зæгъидæ, дæ оркестрмæ, дан, мæн дæр райсæ.

- Æма уæхæн кустмæ арæхсис, уой мин нури уæнгæ куд нæма загътай?

- Æма си ци арæхсун гъæуй!?. Уартæ дæ адæмæй еуемæ кæсун æма е 'нæхайири къуæцæл рателæ-бателæ кæнуй, æндæр æй ку неци косгæ уинун. Уæд æз лæгъуздæр исарæхсдзæнæн къуæцæл телунмæ?

*Уотæ уæмæ нæ кæсуй, æма, уæхæн хенвæрсон адæймæгутæ нæмæ æгæр исберæ 'нцæ, уæлдайдæр ба, нæ цардарæзти гъуддæгути фæдбæл унаффитæ кæми рахæссунцæ, еци бæрзонд бунæтти? «Æма е ба мæнæй цæмæй лæгдæр æй?..» - аци фудзунддзийнадæ нæмæ рагæйдæр хъæбæр цæстиварди æй. Уæлдайдæр ба фæстаг, «демократон» рæстæгути. Æма, нæдæр гъæугæ ахурадæ, нæдæр ацъагъуæ дæр æнхæстæй кæмæ нæййес, етæ æнай-æнойти радепутаттæ, раминистртæ, разамонгутæ унцæ. Æма се 'нарæхстдзийнадæй, сæ «къуæцæлтæ телунæй» æгириддæр ке неци пайда ес, е дин еу зæран, уомæй зæрандæр ба е æй, æма нин нæ цардиуаги «оркестри» æмцагъд уоййасæбæл исæмæнтъери кæнунцæ, æма нæ бæлдитæ цийни зæлти бæсти дзинæстæй фæуунцæ... Æнамонддзийнадæ 'й, дзиллæн зæрдтагон гъуддаг æнарæхсгæ хенвæрсони амæттаг ку бауа...*



**Александр ШЕРИН, *Паддзахадон Думи депутат:* «Уотæ æнгъæлетæ, æма айдагъ æ къохбæлдаргæ сахат 128 миллионей аргъ кæмæн æй, еци сенатор бауадздзæнæй фæсарæнти ин мулкитæ дарун кæмæ гæсгæ не 'нгъезуй, уæхæн закъон цæмæй фæззинна, уой?..»**

*– Æма 'й еци закъон ба цæмæй бахъор кæндзæнæй, кæд æма, цæйбæрцæбæл гæнæн æма амал ес, уойбæрцæ мулкитæ фæсарæнти даруни барæ ес æ уоси, æ цæуæти?.. Æма ести, уæд æхуæдæг дæр фæсарæнти бамедæг уодзæнæй, æ мулкити размæ... Нерæнгæ ба 'й, уæхæн аргъæй сахат дæр æма иннæ «разагъди» мулкитæ дæр дин кæцæй æнцæ, зæгъгæ, цæмæ гæсгæ бафæрсонцæ, уæхæн закъон нæййес... Уоййасæбæл æнæзунд ба нæ 'нцæ нæ «адæмон фæсдзæуинттæ» æма сæ буни сæхуæдтæ арт æндзаронцæ...*



**Андрей ИСАЕВ, *Паддзахадон Думи депутат*: «Беретæн си сæ улупатæ (паддзахадон корпорацити топ-менеджертæн – Ред.) уоди гъезæмæрттæ æвзарун кæнунцæ. Уотæ зæгъунцæ: «Кустæй рандæун син æнцондæр æй, цæйбæрцæрцитæ есунцæ, уой исгъæр кæнунæй...»**

*– Дестæ æма тæмæстæ!.. Уоййасæбæл цæсгонгин æнцæ, æма æфсæрми кæнунцæ, дууинсæйгай минтæ доллæртæй ке есунцæ, уой зæгъунмæ. Никки ба ма æфсæрми кæнунцæ, уойбæрцæ ке есунцæ... еунæг бонмæ... Æцæг сæ есунмæ цæмæдæр гæсгæ не 'фсæрми кæнунцæ. Уæдта си уотæ дæр некæмæй ма фегъустан, æма æ еци «æфсæрмигæнæг» улупатæн се 'рдæг радех кæнунцæ, æнæгъæнæ бæстæбæл сомгай гъæугæ æхцатæ ци уæззау сæйгæ сувæллæнттæн æмбурд кæнунцæ, уонæн. Е дин еци «менеджерти» æцæг «цæсгондзийнадæ».*



**Захар ПРИЛЕПИН, *финсæг:* «Æз мæхуæдæг дæр ОМОНи (милици сæрмагонд нисани отряд – Ред.) кустон хъæбæр берæ рæстæги æма сауæнгæ митингтæ дæр фæйнердæмæ хæлеу кодтон. Фал зонун, косун куд æнгъезуй æма куд не 'нгъезуй. Уартæ етæ дæр уоми, Мински, косунцæ, куд не 'нгъезуй, уотæ...»**

*– Лукашенко дæ ахур кæнуй, романтæ куд финсгæ æй, уобæл? Мадта 'й уæд ду ба цæмæн ахур кæнис, æ хæдзари (гъома, ци паддзахади сæргъи лæууй) гъæугæ æгъдау куд æвæргæ 'й, уобæл? Уогæ, Батькæ дин зунд ку байамонидæ, уæд, ка 'й зоуй, финсун райдайисæ, æцæгæйдæр адæми зæрдæмæ ка цæуидæ, уæхæн романтæ. Нерæнгæ ба ма дæ финститæ уоййасæбæл неке ма багъудæнцæ...*

## АДÆМИ ЦÆСТИНГАС

### НÆУÆГÆЙ БАБÆЙ – СКЪОЛАМÆ!.. Е ЦИ ГЪÆУАМА РАДТА АХУРДЗАУ КÆСТÆРТÆН?

**Сумахмæ гæсгæ, скъолай ахуради гъуддаги сæйрагдæр гъæуама ци уа?**




*Уæрæсей фæсевæди Цæдеси курдиадæмæ гæсгæ арæзт æрцудæй аци æрфарст. Фæрсгæ ба телефонæй бакодтонцæ 4800 адæймагей. Раттун гъудæй æртей уæнгæ дзуаппи. Бæрæггæнæнтæ лæвæрд цæунцæ проценттæй.*

***Устурбританий Премьер-министр Уинстон Черчилль 1942 анзи 5 ноябри æ финстæги Сталинæй курдта: «Æхцæуæн мин уайдæ Кавкази уæ гъуддæгутæ куд цæунцæ, уой базонун». Сталин ин 8 ноябри дзуапп равардта: «Кавказаг фронти нæ уавæр, октябри куд адтæй, уомæй еуцæйдæрбæрцæдæр фæллæгъуздæр æй. Немуцæн бантæсæй Нальчик байсун æма Дзæуæгигъæумæ бахæстæг ун...» 14 ноябри ба Сталин***

***Куд ма игъосун кодтан, утемæй Уæрæсей Президент Владимир ПУТИН июли кæрони бафинста Указ, кæцимæ гæсгæ нисангонд æрцудæй нæ Фидибæсти еума зæрдæбæлдарæн бон – Кавказ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй багъæуай кæнуни тугъдтити Сурх Æфсади уæлахези кадæн. Еци бон амæй фæстæмæ бæрæггонд цæудзæнæй 9 октябри.***

***Уой фæдбæл нæ зæрди ес хецæн æрмæгутæ мухур кæнун. Абони уæ зонгæ кæнæн Советон Цæдеси Бæгъатæр, авиаций маршал К.А. ВЕРШИНИН (1900-1973) Цæгат Иристони журналисттæн кæддæр ци хабæрттæ ракодта, уони хæццæ. Номдзуд тугъдон архайæг Кавказ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй багъæуай кæнуни тугъдтити рæстæг инæлар-лейтенант К.А. Вершинин адтæй 4-аг уæлдæфон æфсади къамандæгæнæг.***



К.А. ВЕРШИНИН

# «КАВКАЗИ СÆРМÆ УÆЛДÆФИ ХЕЦАУЕУÆГ МАХ КОДТАН!..»

**– Константин Андрейи фурт, мах зонæн Устур Фидибæстон тугъди уæззау рæстæг, знаг Кавказмæ ку æмпурста, уæд ду тох кодтай Цæгат Иристони. Еци бæнтти туххæй ку радзорисæ цæгатиристойнаг газеткæсгутæн**…

Хъæбæр æхцæуæнæй ракæндзæнæн уæди рæстæги кæцидæр цаути хабæрттæ. Фиццаги-фиццагидæр уой зæгъун гъæуй, æма Цæгат Иристони сæйраг сахар Дзæуæгигъæу (уæд хундтæй Орджоникидзе) адтæй, немуцаг командæкæнуйнадæ цийфæндийæй дæр æнæмæнгæ байсунбæл кæбæл исфæндæ кодтонцæ, уæхæн. Куд зонæн, утемæй Орджоникидзе æй Арви коммæ нади дæгъæл. Гъе уомæ гæсгæ немуцаг-фашистон æрдонгти разамунд сæ сæйрагдæр цæф Цæгат Иристони сæйраг сахармæ исаразтонцæ, гъавтонцæ, уой байахæсгæй сæхецæн Фæскавказмæ над байгон кæнун: фиццагидæр - Арви коми нæдтæбæл; дуккагæй ба – Дербентбæл Бакумæ. Æма утемæй, ке зæгъун æй гъæуй, бæстæй, еугур фронтæй дæр фæххецæн адтайуонцæ агъазиау рауæнтæ. Гъе, уомæ гæсгæ сахар Орджоникидзебæл тугъдæн адтæй ахсгиаг æма агъазиау стратегион ахедундзийнадæ.

Уæд æз разамунд лæвардтон, æфсæдти Цæгаттаг къуармæ ка хаудтæй, еци 4-аг уæлдæфон æфсадæн. Гъулæггагæн, басæттун гъудæй уобæл, æма нæ фронт уæд хъæбæр лæмæгъ ке адтæй. Уотæ ба уомæн рауадæй, æма Сурх Æфсади хæйттæн æнæбари сидзмудзи цæугæ ке рауадæй сауæнгæ сахар Ростови алфамбулайти уæнгæ, уой фудæй сæбæл æрцудæй устур зæрантæ. Цæугæдон Дони сæрти бахезун дæр син хъæбæр исзин æй - фашистон хуæдтæхгутæ æхсæвæй-бонæй хедтæбæл, бæлæгътæбæл, баржитæбæл бомбитæ ехуарæгау калдтонцæ, гагадзагъд кодтонцæ… Ку зæгъун, хъæбæр устур зæран нин хастонцæ махæн. Адæмæй дæр æма техникæй дæр исавдæй хъæбæр берæ. Æма, гъе еци æрлæмæгъгонд æфсæддон хæйттæ, тагъд-тагъдæй Кавкази хуæнхти æрдæмæ сидзмудзи рацæугæй, позицитæ байахæстонцæ Терки билгæрæнтти.

Гъе уæд, 1942 анзи æз мæ царди фиццаг хатт бафтудтæн сумах рауæнтæмæ. Цæгат Кавказ уой размæ æз зудтон айдагъдæр Пушкини, Лермонтови, Толстойи уадзимистæмæ гæсгæ. Берæ бакастæн æма фегъустон «мæстигæр Терки» туххæй, аци хуæнхон цæугæдони «æнæбасæттæн уодигъæди» туххæй. Фал мæхе цæститæй Терк ку фæууидтон, уæд ми баруагæс æй, уой «æнæбасæттондзийнади» туххæй бустæги раст ке нæ адтæнцæ цитгин финсгутæ æма поэттæ – уотæ ке туххæй финстонцæ, еци цæугæдон уæхæн устур цæлхдор ке нæ 'й, е. Знагæн æ бон адтæй Терки сæрти æнцонтæй бахезун. Уой, æвæдзи, зудта фельдмаршæл Клейст дæр, æма Кавказмæ тундзгæй, хъæбæр хестауæн дзубандитæ кодта, гъома, Европи берæ паддзахæдти ругæ сæ фæрстæбæл кæмæн ниббадтæнцæ, еци танкитæ æнцонæй бахездзæнæнцæ Терки сæрти æма балæудзæнæнцæ Арви коми нæдтæбæл.

Фал немуцаг фельдмаршæл æ уæлбекъондзийнадæй æхе расайдта æма фæффудевгед æй – уоййасæбæл сæрбæрзонд кæмæй адтæй, æ еци тугъдон хъауритæн сæ бон бацæй айдагъдæр Мæздæги уæнгæ рацæуун. Советон æфсæддон хæйттæ Терки рахесфарс сæхецæн исаразтонцæ рæвдзæ бунæттæ, æрфедар æнцæ Вознесенская æма Малгобеки размæ тупуртæбæл, æма уомæ гæсгæ Терки сæрти æрбахезун, фашисттæ куд æнгъалдтонцæ, уотæ хумæтæг гъуддаг син нæ разиндтæй. Цæгат Кавказ, æцæгæйдæр, равдиста æ «æнæбасæтгæ уодигъæдæ».

Зæгъун гъæуй уой, æма еци тугъдтити агъазиау ахедундзийнадæ адтæй нæ авиацийæн. Фестæг æфсæдтæ махмæ уæд байзадæй минкъий. Æма цуппæрæймаг уæлдæфон æфсади багъудæй аци рауæн никки агъазиаудæр ихæстæ æхемæ райсун, еугур зиндзийнæдтæн дæр, куд гъудæй уавæрмæ гæсгæ, уойбæрцæбæл бафæразун. Сахар Мæздæги æма уомæ хæстæг гъæутæ æма хуторти бамбурд æнцæ знаги агъазиау тухтæ - устур æфсад æма тугъдон техникæ. Уæди рæстæги газеттæ æма Совинфорбюрой игъосункæнуйнæгти ахид амунд æрцæуидæ, зæгъгæ, еугур фронтти дæр евгъуд сутки еуцæйбæрцæдæр устур æййивддзийнæдтæ не 'рцудæй. Мæздæги алфалæмбулайтæй ба уæд игъосун кодтонцæ, еудадзуг уæззау тугъдтитæ си ке цудæй, уой туххæй хабæрттæ. Советон æфсæддон хæйттæ кæд хъæбæр карз нихкъуæрд лæвардтонцæ знагæн, уæддæр 1942 анзи уомæн æ къохи бафтудæй Мæздæги размæ Терки сæрти æрбахезун æма идарддæр размæ æмпурсун. Клейсти танкитæ сæ цуд исаразтонцæ Вознесенскийи æрдæмæ. Етæ гъавтонцæ æнцонтæй Ачалукибæл сахар Орджоникидземæ «багæпп» кæнун, æма утемæй Арви комбæл Фæскавказмæ над сæхецæн байгон кæнун.

Знаги нихмæ гæлст æрцудæнцæ хуæдтæхгути еугур хузтæ дæр. Сæхе уæлдай бæгъатæрæй равдистонцæ ИЛ-2-бæл тæхгутæ. Аци тугъдтити мах ци мадзæлттæ аразтан, уонæй беретæ разиндтæнцæ, уæди уæнгæ уотид æ кой дæр кæмæн нæма адтæй, уæхæн нæуæгдзийнæдтæ, еузагъдæй, ихæлд æрцудæнцæ тохи тактики уæди уæнгæ классиконбæл нимад уагæвæрдтæ. Раздæр куд адтæй, уотæ нур танкитæбæл бомбитæ гæлст нæ цудæй: 10-15 метри бæрзæндæй нæ хуæдтæхгутæ комкоммæ æхстонцæ знаги техникæ. Уæхæн мадзал адтæй тæхгути хехъæппæресдзийнадæ, æма е фæррæстмæ 'й, не 'нтæститæ адтæнцæ хуарз æма агъазиау. Клейсти «æнæбасæтгæ æрдонгтæй» нецибал байзадæй. Æртæ-цуппар бонемæ знаги еугур танкитæ дæр æрцудæнцæ сугъд æма дæрæнгонд.

Е адтæй нæ авиаций агъазиау æскъуæлхтдзийнадæ. Нæ авиаци фæггуз кодта немуцаг-фашистон æфсæдти хъæбæр тæссаг операци. Уæдæй фæстæмæ знаг еунæг хатт дæр мах æрдæмæ нæбал æрбандиудта Арви коммæ надмæ бампурсуни зæрдтæй.

Сæ танкон операцийæй ку неци рауадæй, уæд немуцæгтæ исфæндæ кодтонцæ идарддæр сæ авиаций агъазæй тох кæнун. Фал нин сæ еци фæндæ неци уоййасæбæл зæрантæ хаста. Уомæн æма хуæнхрæбунти, мах æфсæдтæ ба уомити лæудтæнцæ, бонигъæдæ еудадзугдæр асуст уидæ, мегътæй æхгæд уидæ арв æма зæнхæ дзæбæх нæ зиндтæй. Фашистон тæхгутæ ба сæ бомбитæ мегъти сæрæй ке гæлстонцæ «хъæрæуæй», уомæ гæсгæ сæ цæфтæ нисанбæл не 'мбалдæнцæ. Немуцаг æфсæдтæ кæми лæудтæнцæ, еци рауæнти сæрмæ ба арв алкæддæр ирд адтæй, кастæй хор. Æма мах уæлдæфон нимпурститæ кæддæриддæр адтæнцæ рæстдзæвин æма уомæ гæсгæ ба æнтæстгин – сæ цæфтæ исæмбæлиуонцæ, знаги техникæ æма æфсæдтæ тумугъæй кæми лæудтæнцæ, еци бунæттæбæл.

Мæн фæндуй нæ цуппæрæймаг уæлдæфон æфсади еугур хæйттæй еуей – æхсæвигон бомбæгæлдзæг полкки туххæй сæрмагондæй зæгъун. Уомæн командæ кодта намусгин тæхæг **Евдокия Give Бершанская**. Еци полкки еунæг нæлгоймаг дæр нæ адтæй. Силгоймæгтæ алцидæр сæхуæдтæ æнхæст кодтонцæ, сæхуæдтæ зилдæнцæ сæ машинттæмæ, сæхуæдтæ сæбæл ауигътонцæ бомбитæ. Æхсæви дæргъи алли тæхæг дæр Мæздæги æрдæмæ ракæнидæ фондз-дæс тахти, знагбæл æргæлдзиуонцæ бомбитæ, сæ уæзæ еумæйагæй уидæ дууæ мин килограммей бæрцæ, æма ин устур зæрантæ исаразиуонцæ.

Знаги позицитæбæл бомбитæ гæлдзгæй дæр пайдагонд æрцудæй нæуæгдзийнæдтæй. Зæгъæн, нæ тæхгутæ тугъдон ихæслæвæрдтæ æнхæст кæнунмæ (еудадзугдæр – æхсæвигон) ранæхстæр уогæй, райдайæни сæ хуæдтæхгутæбæл (етæ ба адтæнцæ ПО-2, адæм сæ худтонцæ «кукурузниктæ») фиццаг бал бæрзæндти тæхиуонцæ, фал Мæздæги æма æ алфамбулайти сæрмæ ку бахæстæг уиуонцæ, уæдта син сæ моторæ рахуссун кæниуонцæ. Æма утемæй уæлдæфи накæ кæнгæй, æнæстуфæй бахъæртиуонцæ, кумæ уидæ сæ нисан, уордæмæ æма æркалиуонцæ сæ бомбитæ знагбæл. Еци æхсæйвон уæлдæфон æрбампурстити туххæй немуцæгтæ базониуонцæ бомбитæ сæбæл кæлун æма ихæлун ку байдайиуонцæ, айдагъдæр уæд. Нæ тæхгути уæхæн æндиуд нимпурститæ хъæбæр устур тасдзийнади æфтудтонцæ знаги. Куд æригъустан, утемæй немуцаг æфсæддонтæ нæ тæхгути еци æхсæвигон нимпурстити туххæй сæ медастæу, дан, уотæ дзурдтонцæ:



*Черчилльмæ финста: «А фæстаг бæнтти бантæстæй знаги Дзæуæгигъæуи рази æруорамун æма уавæр фæрræвдзæдæр кæнун. Дзæуæгигъæу нæ къохи æй... Еугур мадзæлттæй дæр архайæн Цæгат Кавкази нæ позицитæ багъæуай кæнунбæл. Хæстæгдæр рæстæги гъавæн зуймон кампани райдайун». Æма еци кампани æнтæстгинæй арæзт æрцудæй – Сурх Æфсад знаги тæрун байдæдта Цæгат Кавказæй.*




Силгоймæгти авиацион полкки командир Евдокия БЕРШАНСКАЯ (галеуæрдигæй) ама полкки штурман Советон Цæдеси Бæгъатæр Ларисæ РОЗАНОВА. 1945 анз.

*РЕДАКЦИЙÆЙ.* *Силгоймæгтæй авиацион полктæ исаразуни фæндæ иссæй Сурх Æфсади уæди хъæбæр дессаги æндиуд фæлтæрæн. Аразун ба сæ байдæдта тæхæг Мария РАСКОВА. Нæкæси, е иссæй, Советон Цæдеси Бæгъатæри ном силгоймæгтæй фиццагидæр кæмæн исаккаг кодтонцæ, уонæй еу. Уæхæн полктæ æдеугурæй адтæй æртæ, æма си еуемæн разамунд лæвардта Евдокия БЕРШАНСКАЯ. Аци полк Кавказ багъæуай кæнуни тугъдтити фæсте архайдта Хъубан, Хъирим, Белорусси æма Польшæ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй исуæгъдæ кæнунбæл тугъдтити, уæдта Хорискæсæн Пруссий тугъдтити.*

*Сæ тугъдон ихæстæ æнхæст кæнунмæ тæхгæ ба кодтонцæ зæрондæйзæронддæр хузи хуæдтæхгутæбæл – худтонцæ сæ ПО-2. Етæ сæ рæстæги арæзт æрцудæнцæ тугъдæн нæ, фал исуйнаг тæхгути ахур кæнунæн. Тæхгути къæбинитæ адтæнцæ игон, рæстдзæвин æхстæн си сæрмагонд мадзал, уæдта бомбитæгæлдзæн люк дæр нæ адтæй. Бонигон сæбæл знаги æрдæмæ тæхæн нæ адтæй, уомæн æма сæ хъæбæр æнцонтæй æргæлдзун æнгъизтæй, уомæ гæсгæ тахтæнцæ айдагъдæр æхсæвигон, уой дæр æхсæз-аст хатти, бомбитæ, кæцити еумæйаг уæзæ хъæртидæ дууæсædæ килограммей уæнгæ, знагбæл гæлстонцæ сæ къохтæй, уомæн æма си иннæ хуæдтæхгути хузæн сæрмагонд люктæ нæ адтæй. Мадта сæ сæхе уæлдæфи багъæуай кæнун багъудæй, уæд сæмæ пистолет ТТ-æй æндæр нецихузи тохæндзаумау адтæй – саумæнгæ 1944 анзи уæнгæ си пулеметтæ æвæрд нæ цудæй. Гъе уотемæй дæр дессаги бæгъатæрæй тох кодтонцæ, знагæн агъазиау зæран хастонцæ, хумæтæги сæ нæ исхудтонцæ «æхсæйвон хинттæгæнгутæ».*

*Аци полккæн, кæцими, нæкæси, тугъди сауæнгæ кæронмæ дæр айдагъдæр силгоймæгтæ адтæй, лæвæрд æрцудæй гвардиони кадгин ном, исхуарзæнхгин æй кодтонцæ Суворови æма Тугъдон Сурх Турусай ордентæй. Æртæ æма инсæй тæхæгемæн ба си лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.*

«Фельдфебель нин æгъдау æвæруй!..» Цæмæ гæсгæ сæмæ, фæрсис, фæззиндтæй уæхæн æнахур загъд? Цæветтонгæ, фельдфебель немуцаг æфсæддонтæн адтæй сæ тæккæ тасæфтауæгдæр æма карздæр хецауеуæггæнæг. Хъæбæр си тарстæнцæ, æма, куд рабæрæг æй, уотемæй гъе уæхæн тасдзийнадæ æвзурстонцæ нæ тæхгути дæрæнтæй дæр.

Немуцаг командæкæнуйнадæ æ фæндитæ уæддæр исæнхæст кæнуни зæрдтæй æ хъауритæй испайда кæнун бавзурста æндæр рауæн дæр. Е исфæндæ кодта сахар Орджоникидземæ Майрæмадаг æма Гизæли æрдигæй нимпурсун. Æз лæмбунæг нæ дзордзæнæн, сахар Орджоникидзе бæгъатæрæй куд гъæуайгонд цудæй, æма не 'фсæдтæ ирон гъæу Гизæли бунмæ ци бæгъатæрдзийнадæ равдистонцæ, уобæл. Айдагъдæр мæ уой зæгъун фæндуй, æма бунæттон цæргутæ Сурх Æфсадæн куд агъаз кодтонцæ, уой туххæй. Зæрæндтæ дæр, силгоймæгтæ дæр æма ма сауæнгæ сувæллæнттæ дæр – хуарз ма 'й гъуди кæнун – зæрдиагæй архайдтонцæ блиндажтæ аразунбæл, къахтонцæ акъоппитæ. Хъæбæр фæййагъаз кодтонцæ етæ нæ авиацийæн дæр. Зæгъæн, мах гъудæй хизтæй хуæдтæхгутæ байауон кæнунæн. Зæронд лæгтæ æма зæронд уоститæ хъæбæр цубур рæстæгмæ исаразтонцæ уæхæн хизтæ æма нин уомæй фæййагъаз кодтонцæ знагæй нæ хуæдтæхгутæ байауон кæнун. Нæ алли курдиадæ дæр бунæттон цæргутæ æнхæст кодтонцæ хъæбæр разæнгардæй.

Орджоникидзей (Владикавкази) уогæй, æз хъæбæр дестæгæнгæй кастæн ардигон цæргутæмæ: етæ еци уæззау æма тухст бæнтти, сауæнгæ бомбитæ ехуарæгау ку калдæнцæ сахари еугур рауæнтæбæл дæр, уæддæр æдæрсгæй архайдтонцæ гъæунгтæ кæдзосæй дарунбæл. Уæдта еци-еу рæстæг етæ зæрдиагæй агъаз кодтонцæ æфсæддон хæйттæн – раззагдæр позицитæмæ тугъдонтæн худтонцæ гъар дарæс æма сæбæл æй исæмбæлун кæниуонцæ, уой хæццæ ба ма, кæд сæхуæдтæ дæр гъæуагæдзийнæдтæ æвзурстонцæ, уæддæр син еудадзуг ластонцæ хуæлцæ, уæдта гилдзитæ æма нæмгутæ дæр, еузагъдæй, знаги нихмæ тохгæнгути цидæриддæр гъудæй, уомæй син агъаз кодтонцæ. Сахари ци промышленнон кустуæттæ адтæй, етæ дæр сæ куст кодтонцæ, фронтæн гъæугæ продукци дæттгæй. Ирæнттæ, уруссæгтæ, гурдзиæгтæ, сомехæгтæ, украинæгтæ æма ма берæ æндæр адæмихæттити минæвæрттæ æнсувæрон берæнацион бийнонтæй æрлæудтæнцæ фæллойнадон вахти. Адæмти еци æнæихæлгæ еудзийнадæ, фронт æма фæсфронти æнгомдзийнадæ фæййагъаз æнцæ сахар Орджоникидзей размæ тугъдтити рæстæг немуцаг-фашистон æрбалæборгути размæмпурст æруорамун, карз нихкъуæрд син радтун æма син бæрзæйсæттæн цæф никкæнгæй сæ ардигæй фæлледзæги кæнун.

Сахар Орджникидзей размæ тугъдтитæн сæ ахедундзийнадæ цæйбæрцæбæл агъазиау адтæй, е бæлвурдæй финст æрцудæй Устур Фидибæстон тугъди цитгин анзфинсти. Ами знагбæл æрцудæй устур зæрантæ, хъæбæр берæ си фæгъгъудæй æфсæддонтæй дæр æма техникæй дæр, уой дæр уоййасæбæл берæ, æма ин фæстæмæ фæлледзунæй уæлдай æндæр неци гæнæн бал адтæй. Е адтæй, еу къуар къуæремæ æнæгъæнæ Кавказ байахæссунмæ ка гъавта, еци гитлерон æфсади ходуйнаги дæрæн.

Уой фæсте ка райдæдта æма æнтæстгинæй ка рахецæн æй, Сталингради советон æфсæдти еци тугъдон операци дуйнейæн никкидæр ма еума хатт равдиста нæ Фидибæсти цардарæзти федардзийнадæ, советон берæнацион адæми хъаурæ.

**- Устур Фидибæстон тугъди рæстæг нæ авиаций æнтæстдзийнæдти æма Цæгат Кавказ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй багъæуай кæнуни гъуддаги уой ахедундзийнади фæдбæл дæ радзубанди, гъай-гъайдæр, цæмæдессаг æй, фал уой хæццæ ба ма хуарз уидæ, мæнæ ци рæстæгути туххæй цæуй дзубанди, уæд знагмæ дæр æма махмæ дæр тугъдон-уæлдæфон тухтæ кæмæ цæйбæрцæ адтæй, уой фæббæлвурддæр кæнун…**

Æз дæ лæдæрун. Базонун уæ фæндуй, уæлдæфи, куд фæззæгъунцæ, хецауеуæг ка кодта, махонтæ æви немуц, уой. Римæхстаг нæй – тугъдтити райдайæни знаг адтæй хъаурæгиндæр, уой туххæй æма уомæ уæд адтæй раззагдæр тугъдонуæлдæфон флот. Фашистон æфсадмæ адтæй æндонцъарæ хуæдтæхгутæ хуарз хуæцæнгæрзти хæццæ. Фал фæстæдæр нæ авиацион промышленность уадзун райдæдта дессаги хуарз машинттæ. Етæ зингæ тагъддæр тахтæнцæ. Штурмовик ИЛ-2, зæгъæн, адтæй æндонцъарæ, е ин гъæуай кодта æ ахсгиагдæр рауæнтæ – мотор æма экипажи бунат. Уомæн æ бон адтæй ниллæгути тæхун. Уой фæрци ба ин фадуат уидæ æ нисанмæ æнæзингæй батæхунæн. Еци штурмовик гæлста бомбитæ (бомбитæ ба еумæйаг уæзæй ластонцæ 500 килограммей бæрцæ), æхста дзармадзанæй. Уæхæн хуæдтæхæг уæд махæй уæлдай некæмæ ма адтæй.

Ирæзтæй дæрæнгæнæг авиаци дæр. Е гъæуама тох кодтайдæ знаги бомбæкалгути нихмæ. Етæ еу рæстæги уæнгæ æнæфхуæрдæй бомбитæ гæлстонцæ айдагъ не 'фсæдти раззаг позицитæбæл нæ, фал ма сауæнгæ сабурцæрæг сахартæ æма гъæутæбæл дæр. Фал уалинмæ мах уæлахез кæнун райдæдтан уæлдæфон тухти дæр. Ракæнун мæ фæндуй еу хабар. Немуцаг хуæдтæхгутæ 1942 анзи бонигон батахтæнцæ Грознамæ. Бомбитæ æргæлдзуни фæсте сахар цалдæр боней дæргъи сугъдæй. Немуцæгтæ бангъалдтонцæ, зæгъгæ, нурæй фæстæмæ дæр син нихкъуæрд неке ратдзæнæй, æма бабæй уордæмæ батахтæнцæ. Уæд мах уони бомбæгæлдзгути нихмæ рарвистан, хуæрзæрæги ке райстан, уæхæн хуæдтæхгутæ ЛА-5. Уонæн сæ цæлхитæ дæлæмæ ке зиндтæнцæ, уой фæууингæй, немуцæгтæ, æвæдзи, бангъалдтонцæ зæронд машинттæ 'нцæ, зæгъгæ, æма син неци уоййасæбæл тæссаг æй. Фал, ЛА-5 хуæдтæхгутæ сæ «къæхтæ ку балхъивтонцæ», уæд, зелгæдумги хузæн, знагмæ нимпурстонцæ, баййафтонцæ немуцаг «асти» æма сæ еугай-дугайæй гæлдзун райдæдтонцæ. Еци бон нимпурсти ка архайдта, егур еци фашистон бомбæгæлдзгутæ дæр гæлст æрцудæнцæ. Уæдæй фæстæмæ немуцæгтæ еу хатт дæр нæбал исфæндæ кодтонцæ бонигон бомбитæ гæлдзунмæ тæхун.

Уой фæсте мах есун байдæдтан нæуæг æма нæуæг хузти хуæдтæхгутæ. Етæ сæ менеугутæмæ гæсгæ берæ хуæздæр адтæнцæ знаги машинттæй. Гъе уотемæй мах бустæгидæр иссан уæлдæфи хецауеуæггæнгутæ. Нæ авиаци знагæн ци зæрантæ æрхаста, етæ агъазиау æнцæ. Уой туххæй, мæнмæ гæсгæ, цидæр нимæдзитæ ранимайæ-банимайæ кæнун уоййасæбæл нæ гъæуй, уомæн æма уотемæй дæр дзиллæн зундгонд æнцæ. Уони туххæй тугъди рæстæги еудадзуг игъосун кодтонцæ нæ мухури фæрæзнитæ, дзурдтонцæ радиойæй, игъустгонд цæунцæ абони дæр аллихузон æрмæгути фæрци. ■


Номдзуд советон тæхгутæ Советон Цæдеси Бæгъатæр ДЗУСАТИ Ибрагим (галеуæрдигæй) æма Советон Цæдеси æртæ хатти Бæгъатæр Александр ПОКРЫШКИН хъазауатонæй архайдтонцæ Цæгат Кавказ фашистон æрдонгтæй багъæуай кæнуни тугъдтити.

***Французаг финсæг Эжен Ионеско (1909-1994) уотæ финста: «Исфæлдистадон архайæг еунæгæй ку байзайуй, уæддæр хебарæ нæ фæууй. Айдагъдæр уой бон æй (зонгæ-зонun кенæ ба æнæбари), адæми фулдæр хаййæн бæрæг ка нæма ’й, уæхæн фæндитæ, бæлдитæ, царди гъæуагитæ, рæстдзийнадæ равдесун. Æма сæ адæм бонифæстагмæ райсунцæ хуарзбæл.***

***Нæ национ аййевадон литературæ æнтæсун ку байдæдта, уæд тæккæ райдайæнæй фæстæмæ дзæвгарæ рæстæг нæмæ силгоймаг финсгутæ хуæрзминкъий адтæй, уæлдай æстæндæр ба адтæнцæ Октябри революций размæ. Уæди дзаманти силгоймаг финсгутæй мах зонæн айдагъдæр Кочисати Розæ, уодварни хæзнайæн нин байзадæнцæ æ финст литературон уадзимистæй æдеугурæй цалдæр. Уотемæй ба Рози хæццæ еци-еу рæстæги литературон куст кодта еума ирон силгоймаг дæр - КОЦОЙТИ Ленæ Афæхъой кизгæ. Æ рохс ном ба ин абони уомæ гæсгæ имисæн, æма аци анз æ райгурдбæл æнхæст кæнуй финддæс æма æхсæзинсæй анзи (1885-1923).***



Аци къарæ ист æй архивæй, æма æвдесуй, æ рæстæги КОЦОЙТИ Лени хузæн рохситауæг силгоймæгтæ цæйбæрцæбæл æновудæй архайдтонцæ Иристони ирæзгæ фæлтæрти ахуради гъуддаги.



КОЦОЙТИ Ленæ

# Æ РОХС НОМ ИРОНХ МА УÆД...



**ДЗАГУРТИ Губади,**
(1888-1979)
филологон наукити доктор, профессор

КОЦОЙТИ Ленæ... Аци зæрдæргъæвд æма искурдиадæгин силгоймаги цардвæндаги æма исфæлдистади хабæрттæ, гъулæггагæн, уоййасæбæл игъустгонд нæ ’нцæ. Зонун ба сæ æнæмæнгæ гъæуй, уомæн æма етæ дæр æнцæ нæ адæми уодварни хæзнатæй.

Коцойти Ленæ райгурдæй 1885 анзи Гизæли. Æ фидæ Афæхъо, зæнхкосæги фурт, æ рæстæги ахургонд лæгбæл нимад адтæй, каст фæцæй Дзæуæгигъæуи реалон скъола æма косгæ байзадæй еци скъолай.

Ленæн æ цардвандаги хабæрттæ бустæги райдзастæй нæ райдæдтонцæ, æ мадæ раги рамардæй. Афæхъо берæ уарзта æ кизги, хъæбæр ибæл ауодудта, хъæбæр æй фæндаттæй æй, цæмæй æ карнæ райдзастдæр уа. Ку рагъомбæл æй, уæд æй ахур кæнунмæ равардта кизгутти приютмæ. Е адтæй æхгæд ахургæнæндонæ, ахурдзаутæ ахур дæр æма цæргæ дæр уоми кодтонцæ. Скъолайæн æ сæйрагдæр нисанеуæг адтæй ирон силгоймаг ахургæнгутæ цæттæ кæнун.

Æма Ленæ еци скъола каст ку фæцæй, уæд æрвист æрцудæй ахургæнæгæй Гизæли райдайæн скъоламæ. Уæдмæ ин æ карнæ бабæй еума зæрддзæф никкодта - рамардæй æ лæг æма еунæгæй райзадæй æ сувæллони хæццæ. Фадуат ин нæбал адтæй косунæн.

Фал уæддæр гъудæй цæрун æма уомæн ести мадзæлттæ аразун. Æма Ленæ ахур кæнунмæ бацудæй Калаки æвгъæдмæкæсгути Фæскавказаг институтмæ, каст æй фæцæй 1911 анзи, косун райдæдта сахар Пятигорски сæйгæдони. Æма бабæй еума зæрддзæф - 1916 анзи рамардæй æ фидæ. Уой фæсте Ленæ æхуæдæг дæр фæссæйгæ ’й рæугути незæй æма берæ гъезæмæртти фæсте 1923 анзи рамардæй. Байвардтонцæ ’й Дзæуæгигъæуи, зæронд Ирон уæлмæрдти.

Коцойти Лени цубур цард цъоппидзаг адтæй аллихузон зиндзийнæдтæ æма гъезæмарæдзийнæдтæй. Фал уæддæр разиндтæй дессаги фæразон, удигъæдæй федар уогæй, разæнгардæй архайдта æ царди хабæрттæ зæрдиуагонæй аразунбæл.

Мадта цæйбæрцæбæл нифсгун адтæй, уомæн ба ирд æвдесæн æй мæнæ ауæхæн хабар. Цæветтонгæ, 1905 анзи революций цаути рæстæг Ленæ – уæд ма приюти ахур кодта - е ’мбæлтти хæццæ еумæ байагурдтонцæ сæ хецауадæй, цæмæй син ахури фæткитæ æма æгъдæуттæ райаразонцæ царди нæуæг фæззиндтитæ æма домæнтæмæ гæсгæ.

Ленæ æхе цæститæй фæууидта, фæндзæймаг анзи фиццаг уæрæсейаг революций цæхæртæ Цæгат Иристони фæллойнæгæнæг дзилли зæрдити цæйбæрцæбæл разæнгарддзийнадæ иссугътонцæ, фæууидта, сæ цардарæзт фæххузæнондæр кæнунбæл куд æндиудæй исдзурдтонцæ, се ’фхуæргути нихмæ куд истох кодтонцæ, уой.

Ленæ ахургæнæгæй ке куста æма еудадзуг адæми ’хсæн ке адтæй, уомæ гæсгæ бæлвурд хуарз зудтæ уæди цардарæзти уавæртæ, уæлдай хуарз ба зудта уæди рæстæги ахургæнæги цард, ирон скъоладзаути уæди равгитæ. Уомæ гæсгæ ин æ комеди «Нæуæг ахургæнæги фиццаг бон скъолай» уоййасæбæл æнхæстæй бантæстæй, ирон гъæууон скъола фæндзæймаг анзи революций рæстæг ци уавæри адтæй, уой æцæгдзийнадæ бавдесун. Е иссæй нæуæг фæззинд ирон литератури, æндæр уæхæн уадзимис си уæди уæнгæ нæма адтæй.

Комедий сæйраг бунат ахæссуй ахургæнæг Аксо. Е æй уæди доги раззагдæр зундирахастбæл хуæст ирон гъæууон ахургæнгутæй. Фæззиндтæй ибæл фæндзæймаг революций тæвагæ æма архайуй, цæмæй гъæууон скъола æ идарддæри райрæзти зæрдтæй нæуæг надмæ рацæуа, уæлдайдæр ба, цæмæй си сувæллæнтти ахур кæнонцæ сæ маддæлон æвзагбæл – хуарз ке лæдæрунцæ, уобæл. Ирон æвзагбæл киунугутæ ке нæ адтæй, уомæ гæсгæ Аксо е скъоладзаути ахур кæнуй Хетæгкати Къостай уадзимистæбæл. Аксо æй скъола нæуæг уагæбæл райаразуни фарс, уомæ гæсгæ е, зæгъæн, ахурдзаути хæццæ архайгæй, сæ гъомбæл кæнуни мадзалæн кедæрти хузæн нæ пайда кæнуй лæдзæгæй. Автор нæуæг ахургæнæг Аксой уодиконд уотæ дæсни исфæлгонц кодта, æма кæсæгæн æ цæстити рази æрлæууй уодæгас адæймаги хузæн.

Аксо æнгом баст æй адæми хæццæ. Е бæрæг æй, скъоламæ имæ ка æрбацудæй, уонæй дæр. Скъоламæ æрбацæуæг адæмæй алке уодигъæдæ дæр хуарз равдиста автор. Уонæй алкæмæн дæр пьеси ес æхе æвзаг, бæрæг æй алке зундирахаст дæр. Зæгъæн, æргомæй рабæрæг æй сувæллæнтти ниййергутæ Уари, Гига æма скъолай æхсæвгæс Созой меддуйне. Уони сорæтти фæрци финсæги бон бацæй, гъæууон адæм се скъоламæ ци цæстæй кастæнцæ, ци аргъ ин кодтонцæ, уой равдесун.

Цæмæй финсæги искурдиади уæлтæмæндзийнадæ бæлвурддæр æвдист æрцæуа, уой туххæй ма æрхæссæн ес, гъæуихецау скъоламæ ку бацудæй, еци цау дæр. Е куд дардта æхе ахургæнæги хæццæ дзубанди кæнгæй, куд æсхъæлæй имæ кастæй, уомæй рабæрæг æй, уæди хецауеуæггæнгутæ ирон скъоламæ æма ахургæнæги рохситауæн нисанеуæгмæ ци цæстæ дардтонцæ, е. Мæнæ еци нивæ:

**Гъæуихецау**: *(æ кард æ астæубæл, уотемæй къласмæ бацудæй æма ахургæнæги къох райста):* - Æгас нæмæ цо, иуазæг! Хуцау дæ амондгун ахургæнæг фæккæнæд, гъæуи хæццæ дæр æма хецауи хæццæ дæр дзæбæхæй куд цæрай.

**Ахургæнæг:** - Хуцауи хуарзæнхæ дæ уæд. Мæнæн дæр дæ хуарзæнхæ раттæд.

**Гъæуихецау** *(æхебæл фенвæрстæй æма æ меднимæр бахудтæй):* - Мæ хуарзæнхæ дæ цæмæн гъæуй, æз ба ци лæдæрун!

**Ахургæнæг** *(лигъстæгæнæгау, барæй):* - Гъе, уотæ ба ма зæгъæ, ме ’бæлттæй ехæнæй берæ рамардæй, гъæуихецауæй фудевгед фæцæнцæ æма... Гъæуихецауи ку фæндæуа, уæд сомирдæги аргъ æхсæдун дæр зонуй æма æртæ абазий аргъ æхсæдун дæр.

**Гъæуихецау:** - Е лæгæн *(ахургæнæгæн)* æхецæй цæуй: кæд хуарз уай, уæд дин хуарз уодзинан, кæд лæгъуз уай, уæдта дин лæгъуз. *(Æ ходæ уæлдæр исиста æма æ карди сæрбæл æрхуæстæй)*. Дæу разæй нæмæ еу ахургæнæг адтæй æма, æ рази рацæугæй, мæнæн æ ходæ нецæй туххæй исистайдæ. Еске хæццæ дзубанди кæнгæй мæ ку рауинидæ, уæдта баходидæ, æма æхе æндæр æрдæмæ кæсæг искæнидæ... Уæдта ма ци миуæ кæнидæ: дзæхæрадони къабускайæй, картофæй ци уидæ, уони хумæтæг адæмæн балæвар кæнидæ, мæнæн ба еу къабуска, «гъа, мæнæ дин», зæгъгæ, некæд загъта... Кенæ ба майовкæ кæнгæй мæн дин бафарстайдæ!.. Гæрр, æз си æгириддæр нæ гъудтæн!.. Æма мæнæй дæр нæ райервазтæй.

**Ахургæнæг:** - Æз дæр дин уомæ гæсгæ зæгъун, дæ хуарзæнхæ мæ уæд, зæгъгæ.

**Гъæуихецау**: - Гъæйдæ, хуæрзбон кæнæ! Дæу хæццæ цæрун базондзæнæн, Хуцауи ку фæндæуа, уæд. Дæ Хуцауи хатирæй, ду нæ ма истухсун кæнæ! Ами æндæр цидæртæ кæнуйнаг ес æма дæубæл нæма ан! Бафæразæ бал! Нæ фидтæлтæмæ ба ауæхæн азгъунститæ адтæй? Ирон нæ дæ? Гъæуама уазалæн дæр æма æнæ артæн дæр фæразай!

**Ахургæнæг** *(фæкъкъех æй, æ меднимæри гъуди кæнуй)*: ци нæ мин кæнун кæнуй æма мæ цæмæй рæвдауй?

Финсæг берæ дзурдтæй нæ фæппайда кодта, уотемæй исаразта, кæсæгæй иронх ка нæ кæнуй, уæхæн гъæуихецауи сорæт.

Скъолай ка ахур кæнуй, уонæй комедий æвдист цæуй дæс биццеуи æма кизги: Бибо, Габо, Æрцо, Биби, Гиго, Дзибо, Дзго, Азау, Зали æма Дарья.

Ирон адæми цард фæндзæймаг анзи революций рæстæги æма æ агъоммæ ци уавæри адтæй, уомæ гæсгæ скъоладзаутæ дæр æнцæ мæгурхуз, ахур кæнун сæ фæндуй, фал скъолайæй идард ка ледзуй, уæхæнттæ дæр се ’хæн ес. Дууæ минкъий кизги, Зæли æма Дайра, сосæггай сæхе фæндæй æрбацудæнцæ скъоламæ. Медæмæ бацæунмæ æфсæрми кодтонцæ, æма сæмæ дуари хъисхъисмæ ахургæнæг Аксо æхуæдæг рацудæй: медæмæ сæ бакодта. Фурæфсæрмæй сæ еу æ къох æ гъæлæси бакодта, иннæ ба æ сæрбæттæнæй æхе батухта. Аксойæн загътонцæ, ахур кæнунмæ ке æрбацудæнцæ, уой, æма сæ уæд Аксо фæрсуй:

- Ести зонетæ, ести?..

Дайра загъта:

- Æз дууæ дамугъай зонун: ***æ*** æма ***у.*** Зæли ба еу аргъау зонуй, е ’нсувæрæй ке фегъуста, уæхæн.

Ахургæнæг Аксо сæ нæуæгæй, мадта æзинæ цæмæннæ æрбацудайтæ, зæгъгæ, ку бафарста, уæд Дайра уотæ бакодта:

- Мæнæн нана уотæ зæгъуй, кизгутти ахур ба, дан, ци æй, зæгъгæ?.. Мæнæ дæ хæдзари бадæ, е ба дин скъола!..

Иннæ ба *(Зæли)*:

- Мæнæн ба дзабуртæ нæ адтæй, æма мин сæ хуйгæ кодтонцæ...

Сæ дууей дæр Аксо райста скъоламæ.

Коцойти Лени комеди æй æцæг аййевадон уадзимис. Æ исфæлдистади ин устур агъаз фæцæй æ царди фæлтæрддзийнадæ. Е бæрæг æй, æ уадзимиси куд æвдесуй уæди рæстæги гъæууон адæми цард, уомæй.

Комеди фиццагидæр мухури рацудæй финддæс æма дууинсæй анзей размæ. Уагъд æрцудæй авторæн æхе харзæй. Уой фæсте ба мухури некæдбал фæззиндтæй.

Хуарз уайдæ, Коцойти Лени уадзимис «Нæуæг ахургæнæги фиццаг бон скъолай» нур еума хатт ку рацæуидæ, уæд. Е аккаг лæвар уайдæ нæ иристойнаг киунугæкæсæгæн. ■

Æхсæзинсæй анзей размæ (1900 анзи 25 сентябри) Дзæуæгигъæуи А. Пушкини 100-анзон юбилейи кадæн байгон æй Пушкинаг еукъласон училище. Абони еци азгъунсти æй Тауасити Сослæнбеги номбæл Сувæллæнтти аййевадон училище.


БИТИТИ Алани конд хузæ «Нæхемæ»

# ЦИ НОМÆЙ ДÆМÆ БАДЗОРОН?..



**ИСАТИ Мæхæмæт,**
**(1928-2011),**
**филологон наукити доктор, академик.**

Мæ дзубанди мæ фæндуй еу хабарæй райдайун. Нæ гъæуккаг æригон финсæги хæццæ кæддæр иуазæгуати адтæн еу нæхердигон биййнонтæмæ. Фусунти хæццæ дзубанди кодтан нæ адæми евгъуд дзаманти хæбæртти, не ’гъдæуттæ æма нæ маддæлон æвзаги туххæй. Уалинмæ сæ минкъий биццеу тургъæй æ мадæмæ æрбагъæр кодта:

– Мамæ, мæнæ бабæй Гермæн æма Япон дортæ æхсунцæ...

– Аци Гогати биццеутæй мæ сæрæн нæбал дæн,– загъта фусунти уосæ æма сувæллони февардта æ кизгæмæ – Царицæ, фæххуæцай мæнæ Ермакбæл... Æз еци биццеутæмæ ракæсон...

Уæхæн æнахур нæмттæ фегъосгæй, æз куддæр мæ дзубандийæй фæкъкъехгомау дæн.

Уæдмæ силгоймаг фездахтæй æма рахабар кодта:

– Репин сæ дууей дæр басабур кодта, хуарз син фæцæй... Сабийтæ дорадзагъд исамадтонцæ, сæ хестæр æнсувæр Франц ба сæмæ «нейтральный» каст кæнуй...

– Мамæ, мах как раз нæ нæмтти туххæй дзорæн,– æ дзурд бæгæлста Царицæ. – Гъенур етæ циуавæр нæмттæ ’нцæ: Коминтерн, Партизан, Телефон, Конституци, Франц, Япон?!. Цума нæмæ æцæг ном иссерæн нæбал ес...

Ме ’мбæлццон æригон поэт аци дзубандитæмæ уотæ бакодта:

– Æма нæ фидтæлтиккон рагон нæмттæбæл ба ма ка æнвæрсуй? Ка ма исхондзæнæй æ сувæллон Хангуассæ, Дибæхан, Налхъутæ, кенæ ба Бимболат, Сабазгери, Налухъ?.. Алкедæр «культурон» ном агоруй.

– Уанæбæрæг цæмæй лæгъуз æнцæ уæхæн нæхердигон нæмттæ ба: Сослан, Васо, Мæхæмæт, Фатъимæт, Мæдинæт?– зæрдиаг дзубандий бацудæй Царицæ.

Фал æ дзубанди нæ фæццудæй ме ’мбали зæрдæмæ:

– Етæ дæр махæрдигон нæмттæ нæ ’нцæ. Васо æй уруссаг ном – Василий, иннетæ ба æнцæ араббаг нæмттæ... Бæргæ хуарз уидæ, мæнæ нæ филологтæ нæ нæмтти туххæй бæлвурдæй сæ гъуди ку зæгъиуонцæ.

Æма æ еци загъди хæццæ мæмæ уайдзæфгæнæги каст æрбакодта. Мæнæн æнæзæгъæн нæбал адтæй еу къуар дзурди нæ æцæгæй адæмон нæмтти тухxæй. Уæдта зæрдæ байвардтон, ке бавзардзæнæн еци фарстабæл ести уац ниффинсун нæ газетмæ. Фал еци гъуддаг нури уæнгæ мæ къохи не ’фтудæй...

Ахургæндтæ раги исбæрæг кодтонцæ, адæймаги нæмттæ ке равзурдæнцæ æвзаги иннæ дзурдтæй æма ке бæрæг кæнунцæ (кенæ ба бæрæг кодтонцæ раздæр) ескæци æвзаги ести медес. Нæмттæ иннæ дзурдтæй ахиддæр æрбахезунцæ еу æвзагæй иннемæ. Уомæ гæсгæ ба сæ фулдæрей медес, уæдта си ка кæцирдигон æй, уой исбæрæггæнæн нæбал фæууй.

Нæ адæмон нæмттæ сæ равзурдмæ гæсгæ ес æртæ дехи ракæнæн:

**1) киристон дини хæццæ баст ка адтæй, етæ;**

**2) пусулмон дини хæццæ баст ка адтæй, етæ;**

**3) раздæри ирон-дигорон нæмттæ.**

Нæ адæми æхсæн киристон дин хæлеу кæнунбæл кустонцæ уруссаг æма гурдзиаг сæрмагондæй æрвист лæгтæ - миссионертæ. Уомæ гæсгæ киристон нæмттæ адæми æхсæн фæззиндтæнцæ дууæ хуземи: уруссаг æвзаги хузи **(Василий, Иван, Андрей, Виктор, Валентинæ, Раисæ)** æма гурдзиаг æвзаги хузи **(Васо, Вано, Валико, Нино, Серго)** æма æндæртæ.

Киристон (каноникон) нæмттæн се ’мбес æй, грекъаг дзурдтæй ка равзурдæй, уæхæнттæ, сæ еу цуппæрæнхай – латинаг æма иннæ цуппæрæнхай – рагондзиуиттаг æвзагæй. Латинаг æма грекъаг æвзæгтæ хæстæг æнцæ кæрæдземæ. Уомæ гæсгæ нæмттæ дæр æнцæ æмхузæн. Ци дзурдтæй равзурдæнцæ, етæ æвдистонцæ ести хуарз, бæллеццаг менеугутæ. Зæгъæн: грекъаг ном **Андрей** æвдесуй **«бæгъатæрдзийнадæ», Геннадий** *æма* **Евгений – «ездондзийнадæ», Катеринæ – «кæдзосдзийнадæ», София – «зундгин».** Латинаг ном **Виктор** амонуй **«уæлахездзийнадæ», Валентин** æма **Валерий – «æнæнездзийнадæ».**

Рагон дзиуиттаг нæмтти ахид цæуй Хуцауи кой: **Гаврил – «Хуцауи тугъдон», Данил – «Хуцауи тæрхон», Илья – «Хуцауи тухæ», Иван (Иоанн) – «Хуцауи фарнæ», Лазæрь – «Хуцау, фæййагъаз кæнæ», Михаил – «Хуцауи хузæн».**

Киристон (каноникон) нæмттæ æндæр æвзæгти æстæн хатт сæ хузæ æййивтонцæ (**Юлианæ** – уруссаг æвзаги иссæй **Ульянæ**, **Аквилинæ – Акулинæ, Иоанн – Иван** æма уотæ идарддæр).

Мах адæм дæр бахастонцæ еци нæмттæмæ æййивддзийнæдтæ. Уотæ еуæй-еу хатт **Георгий** исуй **Геуæрги**, кенæ ба **Геуæр, Андрей – Æндри, Константин – Къостан, Къоста, Давид – Дауит, Владимир – Ладе, Николай – Микъала.** Силгоймаги нæмттæ ба нæ адæм ахид истонцæ сæ рæвдауæн хузи: **Нинæчкæ, Веринкъа, Русинка, Шурæ, Раичкæ,Варкæ, Веруси...**

Нæ нæмтти дуккаг къуар баст æй пусулмон дини хæццæ: **Фатъимæт, Рамазан, Али, Хъази, Хаджи, Хаджумар, Ахмæт, Мæхæмæт, Керим, Хасан, Хадизæт, Хабидæт, Мæдинæт.** Араббаг нæмттæ дæр æвзаги дзурдти медеси хæццæ баст æнцæ. Зæгъæн, ном *Хабебæ* æвдесуй **«уарзун», Хизир – «хе гъæуай кæнун», Хасан – «рæсугъд», Ахмæт – «ескæмæй æстаун».**

Араббаг нæмтти сæ фулдæремæн (уæлдайдæр ба силгоймаги нæмттæн) сæ кæрони ес мурæ «т», кæци æй араббаг номон хауæни бæрæггæнæни байзайæггаг. Пусулмон нæмттæ дæр сæ фиццаг хузи нæбал æнцæ, уомæн æма махмæ æрбахаудтæнцæ æндæр адæмихæттити (кæсæг, мæхъæл, балхъар æма цæцæни) æвзагæй. Еци æнсувæрон адæмтæн сæхецæй дæр æрбайистан берæ нæмттæ.

Нæ нæмтти æртиккаг хай исхонæн ес «рагон фидтæлтиккон нæмттæ». Уонæн сæ еу хай æй хъæбæр æнцон рабæрæг кæнæн – сæ медес æй бæлвурд: **Æхсарæ, Саукуй, Хъæвдун, Заретæ, Кафетæ, Уарзетæ, Мингий, Зæринæ, Саухал, Сугъзæр, Федар, Нæуæг, Хох, Саулæг, Зинаргъ...**

Фал нæ рагон фидтæлтиккон нæмттæмæ ку æркæсæн, уæд сæ фулдæремæн бæрæг нæбал æй сæ медес: **Чермен, Сослан, Батрадз, Дзанхот, Тоти, Госæма, Тасо, Дзулер, Бæрег, Бæбу, Чендзе, Косер, Загъуæ, Госга, Бибо, Урузмæг, Баппе, Леска, Созур, Чабæ, Гафе, Дадо** æма æндæртæ.

Еци нæмттæ сæ еугурдæр, æнæмæнгæ, ести дзаумæуттæ, менеугутæ кенæ архайд æвдистонцæ. Ка ’й зонуй, сæ фулдæр хай æй æндæр æвзæгтæй æрбайесгæ, кенæ ба байзадæнцæ, нæ маддæлон æвзаг ке бундорбæл исирæзтæй, еци субстратон кавказаг æвзæгтæй. Еу хай ба си, ке зæгъун æй гъæуй, æй нæхе æвзагæй, фал си æрцудæй æййивддзийнæдтæ æма хабæрттæ зин базонæн æнцæ. Зæгъæн, **Бæрег**, æвæдзи, равзурдæй дзурд «абæрег»-æй.

Нæмтти медес наукон æгъдауæй исбæрæг кæнун хъæбæр ахсгиаг гъуддаг æй, уомæн æма нæмтти истори бæлвурд кæнуй нæ адæми историй берæ фарстатæ. Æрхæссæн уæхæн дæнцæ.

Скифтæ ке хонæн, еци адæмтæй (1700-1300 анзей размæ) байзадæй айдагъдæр адæймаги нæмттæ. Уони равзурстонцæ В.Е. Миллер æма Абайти Васо æма, етæ куд исбæрæг кодтонцæ, уотемæй нæ маддæлон æвзаг ке æй скифаг æвзаги базайæггаг. Нæ нæмттæ æрæмбурд кæнун æма рартасун æй устур гъуддаг. Уой гъæугæ хузи исаразуни ихæс ба хауй нæ иристойнаг филологтæ æма историктæмæ.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма нæ нæмттæ æрæмбурд кæнун æма уони рартасунæн айдагъ наукон ахсгиагдзийнадæ нæййес, фал ма ин ес уодварнон гъомбæлади ахедундзийнадæ дæр. Уомæ гæсгæ нæ нæмтти хуæздæрти, аййевдæрти исбæрæг кæнун æма сæ дзурдуати хузæн киунугæй рауадзун гъæуй .

Сувæллон ку райгуруй, уæд ин æ ниййергутæ, уони хæстæгутæ æма хæлæрттæ райдайунцæ ном æвзарун. Еу рæстæги еци гъуддаги устур адтæй дини тæвагæ, æма нæуæгигурдтæбæл ахид исæвæриуонцæ киристон кенæ пусулмон нæмттæ.

Дини тухæ ку фæссастæй, уæдта иннердæмæ ниццæхъал кодтонцæ æма агорун байдæдтонцæ ести «оригиналон» нæмттæ. Уотемæй фæззиндтæнцæ: Конституцитæ, Коминтернтæ, Гипотенузитæ, Японтæ, Францтæ, Маршæлтæ, Стакантæ æма æндæртæ.

Сæ равзурд киристон дини хæццæ баст кæмæн адтæй, еци нæмттæй беретæ исфедар æнцæ адæми æхсæн. Æцæгæйдæр, цæмæй æнаййевдæр æнцæ, зæгъæн, **Виктор, Аликси, Михал, Зойæ, Венерæ, Марийæ, Валентинæ, Тамарæ, Ольгæ, Нинæ**, æма æндæртæ. Раздæри пусулмон нæмттæй дæр беретæ исфедар æнцæ нæ адæми ’хсæн: **Хасан, Морат, Рамазан, Фатъимæт, Мæдинæт, Аминæт, Хадизæт.**

Нæ рагфидтæлтиккон нæмттæй дæр беретæ нæуæгæй æрфедар æнцæ не ’взаги: **Æхсар, Алан, Батæр, Бæтæг, Хæмиц.**

Сувæллонæн ном æвзаргæй ма зæрдæбæл дарун гъæуй еу гъуддаг: нури дзамани нæ царди фæффедар кæнуй адæймагмæ æ ном æма æ фиди номæй дзорун. Уомæ гæсгæ æхе ном гъæуама аййев бада æ фиди номи хæццæ. Кенæ ба нуртæкки фегъосæн ес: **Конституция Ахмедовна, Маркс Кавдынович, Торез Кудзигоевич...** Ке зæгъун æй гъæуй, ами нæмттæ æма фиди нæмттæ кæрæдзебæл аййев нæ бадунцæ.

Уæдта лæгъуз нæ уайдæ муггаги номи азæлд дæр зæрдæбæл дарун.

Кæронбæттæни ма мæ нæуæгæй зæгъун фæндуй, цæмæй, ци темæбæл дзубанди кодтан, е иронхуати ма изайа. Гъæуама алли адæймагбæл дæр æ ном æ дарæси хузæн аййев бада. ■

**Хуцаубони, 27 сентябри бæрæггонд цæудзæнæй скъолайагъоммæ ахуради косгути Бон. Зæрдиагæй арфæ кæнæн, нæ кæстæрти гъомбæлади аци ахсгиаг къабази ка фæллойнæ кæнуй, уонæн сæ еугуремæн дæр.**

*«Зундгин лæг æ зæрди фагæ хуарз кæнун ку нæ фæраза, уæд уобæл мæтæ кæнуй, фал æй адæм ку нæ фæллæдæрунцæ æма æ фудкой ку кæнонцæ дзæгъæли, уæд уобæл нæ мæстгун кæнуй...»*

*Аци китайаг æмбесонди медес цæйбæрцæбæл æцæг æй, уой балæдæрæн ес, нæ алфамбулай миутæмæ лæмбунæг ку ракæсай, уæд.*

# Дзурд æ рауæни ку уа, уæд алли афони дæр бæззуй!..




☺ ☺ ☺

Конфуций æ ахургæнуйнаги хæццæ цудæй уæлмæрдти рæзти. Циуавæрдæр силгоймаг гъæрæй кудтæй цирти уæлгъос. Конфуцийи зæрдæ исунгæг æй æма сæркъолæй игъуста гъарæнгæмæ. Уæдта силгоймаги бафарста:

– Дæ зæрдихалæн гъарæнгæ дормæ дæр багъардзæнæй. Æвæдзи ма дæбæл айразмæ дæр зиантæ æрцудæй?

– Раст зæгъис, – дзуапп равардта силгоймаг. – Кæддæр мин стай никъкъуæхтæ кодта мæ хецауи, уæдта мæ лæги. Аци цирт ба мæ фурти æй. Е дæр стайти амæттаг бацæй.

– Æма уæд æндæр рауæнмæ цæмæннæ фæлледзис? – бафарста Конфуций.

– Ами æгъатир хецæуттæ нæййес, – дзуапп равардта силгоймаг.

Уæд Конфуций æ ахургæнуйнагæн уотæ:

– Дæ зæрдæбæл бадарæ, мæ хор, æгъатир хецау стайæй тæссагдæр æй.

☺ ☺ ☺

Филипп æма æ фурт Александр ахид хилæ кодтонцæ. Еу уæхæн хили рæстæги фидæ ниуæзтгунæй æ фуртмæ кардæлвæстæй фæллæбурдта, фал æваст фæккиудтæй.

– Нур а циуавæр лæг æй? – загъта Александр. – Аллибон, Европæй Азимæ стæри куд цæудзæнæй, еци хабæрттæ фæккæнуй, уотемæй еу фингæй иннемæ бацæуун ба æ бон нæй.

☺ ☺ ☺

Социалист Лассаль дин Бисмаркæн социализми идеити туххæй ку радзоридæ. Бисмарк имæ байгъуста æма загъта:

– Лæгъуз гъудитæ нæ ’нцæ. Царди сæ рауадзæ, тæрегъæд кæмæн нæ кæнис, уæхæн адæмбæл сæ бавзарæ, уæд цума куд уайдæ? Зæгъæн, уруссæгтæбæл.

Аци хабар æримисгæ нæй.

☺ ☺ ☺

А.И. Соллогубæн е ’нсувæри кизгæ адтæй, саурæсугъд кæмæй фæззæгъунцæ, уæхæн. Гъема, еууæхæни уой хæццæ парки куд рацо-бацо кодта, уотемæй сæбæл рамбалдæй еу сæргъæн лæхъуæн æма фæрсуй:

– Зæгъай, дæ хуарзæнхæй, дæхуæдæг фудконд ку дæ, уæд дæ кизгæ уæхæн рæсугъд куд рауадæй?

– Уотæ дæр фæуйуй, – дзуапп равардта Соллогуб. – Ду дæр уосæ ракорæ æма, ка ’й зонуй, кæдимайди ба дин зундгин цæуæт исæнтæсидæ.

☺ ☺ ☺

Еу устур хецау хуйгутæн бафæдзахста, æвæрæни мин нæуæг фæлуст бахуйетæ.

– Аци фæлуст мæ гъæуй иуазæгуати цæунмæ, – балæдæрун кодта хецау.

Хуйгути разамонæг æй фæрсуй:

– Дæ фарнæ, дæ фарнæ, де ’зæдистæн, аци дарæси кумæ цæунмæ гъавис иуазæгуати, уой ма нин ку зæгъисæ.

Хецауæн еци фарст æхцæуæн кæми адтайдæ? Е ’рфгутæ æрбанцъулдтæ кодта æма загъта:

– Илгъаг, æма дæу ба ци гъуддаг ес?

– Мæ ездон хецау, цæмæй хуйгæй ма фæррæдуйуон... Кæд дæ, дæхецæй устурдæр хецаумæ цæун гъæудзæнæй иуазæгуати, уæд аци фæлуст гъæуама разæй цубурдæр уа. Хумæтæг адæммæ цæунæн ба, гъæуама фæстегæй цубурдæр уа.

Хецау гъудити ранигъулдæй, уæдта уотæ:

– Дууæ фæлусти мин бахуйæ.




☺ ☺ ☺

Зæронд лæг уæйæгæнæгмæ дзоруй:

– Дæ хуарзæнхæй, дæс килограмми мин инсад исбарæ... Уогæ, бахезæ, уойбæрцæ ку нæ бафæразон...

– Уой сагъæс ба ма кæнæ, мæ фиди хай, райсæ дæс килограмми. Æз дин æй уæхæн барст искодтон, æма дин фондз килограммей уæзæ дæр нæ ’й.

☺ ☺ ☺

– Ду зулунгонд цæуис, дзæргъæ æма авд хъибили ке радавтай, уой туххæй, – загъта тæрхонгæнæг.

– Раст ци æй, уой æргомæй зæгъун гъæуй, – дзуапп равардта фудгæнæг, – дзæргъи æцæгæйдæр æз радавтон. Фал, хъибилти туххæй ке зæгъис, е ба, цъифкалæн æй: етæ сæхуæдтæ сæ ниййерæги фæсте рацудæнцæ…




☺ ☺ ☺

Гъæунги фембалдæнцæ еу рацæргæ лæг æма лæхъуæн.

– Дæ бонтæ хуарз, мæ хъазар ахургæнæг! – ниццийнæ ибæл æй лæхъуæн æма ин æ къох зæрдиагæй райста.

– Дæ хуарзæнхæй, хатир бакæнæ, цæмæй мæ базудтай, æз дæ ахургæнæг дæн уой, фæстаг хатт ма скъолай къæсæрæй ку бахизтæн, уобæл нур инсæй анземæй фулдæр ку рацудæй?

– Цæмæй дæ базудтон, зæгъгæ, ку зæгъай, мæ хъазар ахургæнæг, уæд дæ костюмæй, – бахудтæй имæ лæхъуæн.

☺ ☺ ☺

Оскар Уайльд æ хæдзари къæсæрбæл лæудтæй, уотемæй имæ хъалонтæ æмбурдгæнæг æрбацудæй.

– Хъалон? – е ’рфгутæ уæлиау исиста финсæг æма сæрбæрзондæй дзоруй: – Цæй туххæй гъæуама федон хъалон?

– Куд, цæй туххæй? Хæдзари хецау дæ, ами цæрис, ами фунæй кæнис.

Уайльд ин æ дзубанди æрдæгбæл раскъудта:

– Гъо, фал, хуарз лæг, уотæ лæгъуз фунæй кæнун, æма ин зæгъæн дæр нæййес.

☺ ☺ ☺

Еу æригон зартæгæнæг актрисæ гъаст кодта Уайльдæн, прессæ, дан, мæмæ е ’ргом не ’здахуй:

– Критиктæй еу дæр мæ гъæлæси туххæй неци финсуй, цума мæбæл хъоди бакодтонцæ! Газеттæ дæр сабур лæуунцæ! Ци киндæуа? Уайльд ин дзуапп равардта:

– Ци киндæуа, зæгъис? Неци. Етæ куд кæнунцæ, ду дæр уотæ кæнæ.

☺ ☺ ☺

Рихард Вагнер æма Роберт Шуман фембалдæнцæ æма еу сахатти бæрцæ сæ рæстæг еумæ рарвистонцæ. Фембæлди фæсте Вагнер дзурдта:

– Шуманæй ездондæр адæймаг зин иссерæн æй. Фал мадзора ке ’й, е ин мæ зæрдæмæ нæ фæццудæй.

Шуман ба загъта:

– Нæ фембæлд хуарз рауадæй, фал Вагнер æгæр дзорагæ ке ’й, е мæ зæрдæмæ нæ фæццудæй.

☺ ☺ ☺

Карузо чекмæ гæсгæ гъæуама банкæй райстайдæ æхца фал имæ документтæ нæ адтæй, æма ин сæ къассир нæ лæвардта. Карузо рагъуди кодта, уæдта дин оперæ «Тоска»-йæй ари ку низзаридæ. Банки косгутæ хæлеугъæлæсæй райзадæнцæ, къассир ба ин е ’хца æ къохи фæссагъта.

Карузо гъæунгмæ ку рацудæй, уæд уотæ:

– Нури хузæн зæрдиагæй некæд зардтон.



☺ ☺ ☺

Поэт Апухтин цæстæй хуарз нæ уидта æма еу хатт гъæунги еу биццеубæл æхе искъуæрдта.

– Фæлхæрст! – мæстгунæй исдзурдта биццеу.

Апухтин æ ходæ фелваста, сæрæй ниллæг ракувта æма ездонæй загъта:

– Æз ба – Апухтин.




Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

**Сæйраг редактор:** САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25– 22– 56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@rambler.ru

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и.**
**357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæрей еу хатт – геуæргибони.**
Почти индекс **161**.
Тираж **650**. Заказ **№1956.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 21.09.2020.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мухурон рауагъдади пайдагонд ку цæуа, уæд гъæуама æнæмæнгæ бæрæггонд уа, «Дигорæ»-й ке рафинстонцæ, е.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Рекламæ æма игъосункæнуйнæгти туххæй «Дигори» редакци æхемæ бæрнондзийнадæ нæ есуй.**